

KESYON YO POZE SOUVAN SOU ZAFÈ PÈSONÈL ESANSYÈL AK SITYASYON IJANS

1. Ki sa sa vle di lè w se yon Pèsonèl Esansyèl pou Kolèj la?

Si yo deklare pozisyon w/wòl ou Esansyèl, sa vle di, nan ka enstitisyon an ap fè fas a yon sityasyon kote gen ijans (emèjensi), pozisyon w nan jwe you wòl kritik nan preparasyon pou ijans la ak nan remete Kolèj la sou de pye l apre sa. **Si yo mande w pou vi n travay anvan, pandan ou apre yon siklòn, ou oblije fè l. Sa a se yon kondisyon pou yo anplwaye w.**

2. Antan ke yon anplwaye a plentan, si m sèvi ak transpòtasyon piblik pou m al travay enpi tren ak bis pa travay, èske m sipoze al travay si m rele ? Èske m oblije ranpli fòm pou rapòte absans la (Leave Form)?

Wi, Pèsonèl Esansyèl sipoze vi n nan travay. Sa a se kondisyon travay ou, Pèsonèl Esansyèl kab gen pèmisyon pou yo pa vi n travay si yo ranpli kondisyon sa yo :

- (1) Gen akò sipèvizè w
- (2) Jwenn yon bon ranplasan
- (3) Soumèt fòm ki rele “ Departmental Request and Authorization for Leave of Absence.”

W ap sèvi ak jou ke w te rezève pou lè w ap absan.

3. Lè m rapòte m nan travay nan ka ijans (emèjensi) sa a yo, èske y ap peye m pi byen ke lòt travayè ki vi n travay pandan ijans (emèjensi) la, men pa fè pati de pèsonèl esansyèl la ?

Depi Kolèj la fèmen pou yon siklòn ki, san di petèt sou wout isit, anplwaye ki a plentan yo sou sa yo rele absans pou dezas. Sa ranplase orè nòmal ke anplwaye a ta dw e genyen, ki se 37.5 è.

Non-exempt – pou premye 2.5 è apre 37.5 è tan travay regilye pou senmenn nan, anplwaye a ap touche salè nòmal li. Apre sa anplwaye ki tap travay jis anvan, pandan ak apre siklòn nan ap touché 1.5 fwa valè yo te konn touché a lè, pou chak lè yo travay anplis sou 40 è an.

Exempt employees – PECs avek PENCs pral touche kòm li presize nan Pwosedi Pou Paye Pandan Absans Nan Tan Dezas

PEC avek PENC anplwaye yo pap resevwa plis konpansasyon pandan yon ijans (emèjensi).

4. Si m pa l travay lè m te sipoze, ki sa k ap rive m?

Yon fwa ankò, sa a sanble tèt koupe ak keksyon 2 a. Pèsonèl Esansyèl sipoze nan travay lè yo mande yo vini. Sa a se kondisyon pou yo anplwaye w, Pèsonèl Esansyèl kab gen pèmisyon pou yo pa vi n travay si yo ranpli kondisyon sa yo :

- (1) Gen akò sipèvizè w
- (2) Jwenn yon bon ranplasan

(3) Soumèt fòm ki rele “ Departmental Request and Authorization for Leave of Absence.”
W ap sèvi ak ak jou ke w te rezève pou lè w ap absan.

Pèsonèl Esansyèl ki anplwaye a tan pasyè (Part-time) pap touché si yo pa vi n travay e menm kondisyon ke nou pale de li anwo a ap aplike pou li tou, eksepte nimewo 3 a li pa bezwen swiv li.

Nan tou lè de ka, si yo pa swiv lòd Kolèj la bayo yap konsidere sa kòm ensibòdinasyon e yo ka pèdi travay yo.

5. Èske m ap resevwa yon lòt kat MDC (MDC ID card) kap fè konnen ke m se yon Pèsonèl Esansyèl?

Nou kòmanse distribye nouvo kat yo. Si w poko resevwa nouvo kat ou, tanpri fè sipèvizè w konnen.

6. Èske y ap ba m tan pou prepare kay e fè aranjman pou fanmi mwen anvan siklòn an rive nan Sid Florid la ?

Pèsonèl Esansyèl ki ap ede prepare oubyen kap rete sou kanpis la pandan siklòn an, ap resevwa yon tan **rezonab** anvan lòt anplwaye yo pou yo al lakay yo e prepare kay yo ak fanmi yo. Sipèvizè w ap avèti w osito ke posib e, dapre sityasyon an, ap ba w otan de tan ke yo kapab.

7. Kòm yon pèsonèl esansyèl èske College la ap banm dlo ak glas ?

Nap fè demash pou pèsonèl esansyèl ki gen lòd pou rete sou kanpis la resevwa yon kantite limite de glas ak dlo, anvan e apre yo fini orè travay yo. Sa ap depann de disponibilite ak kapasite n pou n sere glas la e kenbe l fre.

8. Ki nimewo pou n rele pou n jwenn dènye enfòmasyon de Kolèj la ?

Rele 305 237-7505 pou jwenn dènye enfòmasyon ki genyen pou anplwaye.

9. Èske map ka vi n sou kanpis la si yo pa made m vini ?

Pa vini a mwen ke yo mande w pou vini e yo ba w yon travay pou fè kap ede Kolèj la reprann aktivite l.

10. Apre move tan an,ba ki ès pou m rapòte m?

Sipèvizè w.

11. E si sipèvizè m pa la?

Bay moun ki responsab w a (Lead Person nan).

12. E si yo youn pa disponib?

Ale jwenn Direktè a, e si l pa la ale kote Dean of Administration kanpis la.

13. Ki sa ki pryorite yo lè n rive nan travay ?

Se sipèvizè a ki ap di w ki sa pryorite yo ye dapre bezwen kanpis la. Si sipèvizè yo pa la, men sa pryorite yo dwe ye :

- 1) Sityasyon ki kab pèmèt tout moun rete senesòf ou ki ka mete moun an danje (Safety issues).
- 2) Aksè nan kanpis la (wout yo etc.).
- 3) Fè enspeksyon bilding yo pou wè ki kote ki gen pwoblèm
- 4) Sekirize zòn ki gen pwoblèm yo pou minimize domaj pwopriete Kolèj la.
- 5) Retire tout debri ak dlo ki nan paking yo ak lòt zòn prensipal yo.
- 6) Lè yo rebay elektrisite, enspekte tout ekipman e remete yo an mach.

14. Èske nou sipoze travay plis ke lè regilye nou anvan, pandan e apre yon move tan?

Wi, si gen bezwen. Sipèvizè w ap detèmine si gen bezwen pou lè extra dapre sityasyon lokal la ak ijans ki genyen pou tout bagay tounen nan plas yo.

15. Pou anplwaye ke yo konsidere esansyèl, ki rete sou kanpis la pandan move tan, ki aranjman pou konfò, e ki mezi ki pwan pou sekirite ak sante yo ?

Chak kamps ap seleksyone yon bilding kote kòmand la ap ye. Bilding sa a yo fèt an siman. Yo genyen jeneratè, ekipman pou kominikasyon, kad pou kouche, lenn, manje ak dlo.

16. Si m oblije vi n travay pandan siklò n, èske m ka vini ak fanmi m?

Malerèzman repons la se non, dapre règleman asirans se sèl anplwaye ki gen dwa sou kanpis la pandan yon siklò n. Si w santi ke fanmi w pa prepare pou pase move tan an lakay yo, nou ta rekòmande ke w fè lòt aranjman avèk fanmi, zanmi ou lòt ajans tankou La Croix Rouge.

17. Èske o mwen, m ka kite machin mwen nan garaj la ?

Si w sou kanpis la paske ou te oblije la e yo idantifye w kòm Pèsonèl Esansyèl, lè sa a repons la se wi. Si w pa sa, alò yon fwa ankò, règleman asirans nou pa pèmèt nou kite machin kip a esansyèl sou kanpis la.

18. Ki kote mwen ka jwenn enfòmasyon sou preparasyon pou siklò n, pou m si ke m fè tout sa ki posib pou m prepare ?

Ale nan Employee Web la e la a atik prensipal la pale w sèlman de preparasyon pou siklò n. Li ba w enfòmasyon sou ajans lokal, ajans eta Florid la ak federal ki ka ede w.

19. E pèsonèl ki pa esansyèl yo èske w ka fè yo vi n travay?

Wi, nan ka yon katastwòf, Kolèj la gen dwa mande nenpòt nan anplwaye l yo pou yo vi n travay.

20. Si m se yon anplwaye tan pasyèl (part time employee), èske m ap touche si m pa vi n travay pandan yon dezans ?

No. Anplwaye tan pasyèl (part time employee) touche salè regilye yo pou pou premye 40 è tan travay. Si yo depase 40 è nan yon senmenn, y ap touche ovètay (overtime) a 1.5 de salè regilye yo pou chak lè yo fè anplis 40 la.

21. Kijan Kolèj la ap fè konnen si w rapòte w nan travay ?

Lè w rapòte w ba sipèvizè w, l ap konte prezans ou

22. Èske yon anplwaye ap rete klasifye kòm esansyèl tout otan l ap travay nan Kolèj la?

Tout otan anplwaye a nan yon pozisyon ki kalfye kòm esansyèl e pozisyon an pa chanje, l ap rete klasifye kòm esansyèl. Se pozisyon an ki detèmine si w esansyèl ou pa.

23. Ki sa Public Safety fè pou li mye prepare e pwan swen pèsònèl kap travay pandan sezon siklòn an pi byen?

Ekipman tankou flash, batri, pake pou premye swen ak padsi deja chita ap tann nan Public Safety Office sou chak kanpis

24. Ki sa ki ap pase si m paka vi n nan travay paske kay mwen antouwe ak dlo?

Kontakte sipèvizè w. Ou toujou fèt pou swiv etap sa a yo :

- (1) Jwenn pèmisyon sipèvizè w
- (2) Bay you ranplasan valab
- (3) Soumèt yon Departmental Request and Authorization for Leave of Absence. Ou dwe sèvi ak youn nan jou pa w pou absans sa a.

Sipèvizè w ap pwan an konsiderasyon sityasyon an, si se la nati ki koze l e ou kab pwouve sa li ka pa oblije w swiv oken nan etap sa yo.

Si w se yon anplwaye tan pasyèl, twazyèm etap la pa pou wou. Si w pa vi n travay ou pap touche.

25. E si w gen de timoun, yon madanm, ou pa kodyi e pa gen okenn moun pou okipe fanmi w. Èske w toujou bije vi n nan travay ?

Wi. Si w se yon Pèsònèl Esansyèl, se youn nan kondisyon pou yo te anplwaye w. Responsabilite pou prepare w ak fanmi w se pa w.. Si w chwazi pou pa vi n nan travay fòk ou swiv etap sa yo :

- (1) Jwenn pèmisyon sipèvizè w
- (2) Bay you ranplasan valab
- (3) Soumèt yon Departmental Request and Authorization for Leave of Absence. Ou dwe sèvi ak youn nan jou pa w pou absans sa a.

Anplwaye tan pasyèl fèt pou swiv etap 1 ak 2. Yon fwa ankò etap 3 a pa aplike. Men si w pa vi n travay ou pap toushe.

Nan tou lè de ka, si w pa swiv lòd Kolèj la, yo ka konsidere sa kòm ensibòdinasyon e sa kapab koze ou pèdi djòb ou.

26. Si w anplwaye blese ou si yon bagay rive l pandan l pwa l travay nan epòk siklòn nan ki ès ki responsab ?

Menm jan ak nenpòt lòt jou travay, Kolèj la PA responsab. Se responsabilite endividi a.

27. Èske moun ke Public Safety anplwaye sou « kontra » gen dwa a Disater Leave Pay (peman malgre absans pandan yon dezaz) ?

No. Se sèl anplwaye a plen tan MDC ki elijib pou sa. Anplwaye sou “kontra” yo travay sou regleman konpayi ki anplwaye yo a, non pa sou regleman Kolèj la.

28. Si Miami-Dade County Public Schools ak Broward County Public Schools (lekòl ti moun yo) fèmen, èske nou ka mennen timoun nou yo nan travay ak nou?

Non, pa kounye a. Kolèj la ap travay pou ouvri yon kote pou ti moun lè gen ka ijans

29. Si yo mande lòt pèsonèl ki pa esansyèl vi n travay kijan Public Safety ap fè knonen pou kite nou antre sou kanpis la ?

Deans of Administration yo ap bay Public Safety yon list de tout anplwaye ki ap genyen pou vini pou ede prepare Kolèj la.

30. Si m te deja mande jou òf enpi siklòn vini e Kolèj la bay tout moun jou òf, èske m ka retire demand mwen e sèvi ak jou Kolèj la bay la ?

Non. Depi w mande jou òf la ou paka chanje l pou ka pwan avantaj de jou Kolèj la bay la.